

Lè pitit nou yo fèt, yo pa vin jwenn nou ak yon lîv ki esplike kisa nou dwe fè.



Men pi bon enfòmasyon nou ka jwenn.

Depi lè yon nan kouchèt jouktan yo pare pou kondui oto, pitit nou yo ap konte sou nou pou yo ka jwenn swen sante yo bezwen. Men kèk enfòmasyon enpòtan pou derape yo byen ak kenbe yo nan bon chimen pou lasante.

VAKSEN (Piki)

Bon jan iminizasyon, se mwayen ki pi garanti, ak pi efikas pou pwoteje pitit ou kont danje ki nan maladi timoun.

- | Depitimoun lan fèt rive sou 1 an | <ul style="list-style-type: none"> Epatit B: premye ak dezyèm vaksen Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen Emofili-b (Hib): premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen Polyo: premye ak dezyèm vaksen Konbinezon vaksen antinemokosik: premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen Vaksen kont grip: premye ak dezyèm vaksen Vaksen wotaviris: premye, dezyèm, ak twazyèm dòz |
|----------------------------------|--|
| 1 an rive 2 an | <ul style="list-style-type: none"> Epatit A: premye ak dezyèm vaksen Epatit B: twazyèm vaksen Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): katriyèm vaksen Emofili-b (Hib): twazyèm oubyen katriyèm vaksen Polyo: twazyèm vaksen Konbinezon vaksen antinemokosik: katriyèm vaksen Lawoujòl, malmouton, ak saranyon (MMR): premye vaksen Varisèl: premye vaksen Vaksen kont grip: chak ane |
| 3 an rive 6 an | <ul style="list-style-type: none"> Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): senkyèm vaksen Polyo: katriyèm vaksen Lawoujòl, malmouton, ak saranyon (MMR): dezyèm vaksen Varisèl: dezyèm vaksen Vaksen kont grip: chak ane |
| 11 an rive 18 an | <ul style="list-style-type: none"> Vaksen kont mennenjít (MCV4): premye ak dezyèm vaksen Tetanos, difteri, ak koklich (TDaP) Vaksen kont papiyomaviris (HPV) pou gason ak fi: premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen Vaksen kont grip: chak ane |

***Atansyon:** Gen timoun ki ka bezwen lòt kalite vaksen.
Tanpri, mande doktè k ap okipe pitit ou ki vaksen timoun lan bezwen.

DEPISTAJ KONT PLON

Yon ti kantite plon nan kò pitit ou kapab lakòz li gen pwoblèm pou aprann, oswa nan jan li aji, oswa nan jan li pale. Se yon tès san sèlman ki ka pèmèt konnen si timoun lan gen twòp plon nan kò li.

Yo dwe fè tès sa yo pou timoun:

- lè yo gen 12 mwa
- lè yo gen 24 mwa
- Pout tout timoun ki rive laj 6 an, san yo pa janm fè yon tès pou plon



VIZIT KAY DANTIS

Ekspè yo konseye pou timoun fè premye vizit kay dantis yo lè y ap rive sou laj 1 an. Pandan pitit ou ap grandi, ou dwe mennen I kay dantis pou fè gade dan I chak 6 mwa.

VIZIT KAY DOKTÈ POU "TIMOUN ANSANTE"

Vizit medikal timoun fè regilyéman pèmèt doktè a veye sante pitit ou, ak anpeche timoun lan vin gen pwoblèm.

Anplis yo mezire wotè timoun lan, konbyen li peze, ak tansyon li, vizit timoun "ansante" a kapab kouvrì tou:

- Revizyon tout listwa sante ak devlopman timoun lan
- Evalyasyon sou devlopman fizik ak sante mantal li
- Egzamen fizik depi nan tèt rive nan pye I
- Depistaj pou plon
- Edikasyon ak direktiv antisipe sou kesyon sante
- Tès laboratwa oswa lòt tès pou dyagnostike maladi, tankou pwatriné
- Tès pou je, zòréy, ak dan
- Evalyasyon rejim alimantè

KALANDRIYE VIZIT KAY DOKTÈ POU "TIMOUN ANSANTE"

Anvan 1 semenn • 1 mwa • 2 mwa • 4 mwa • 6 mwa
9 mwa • 12 mwa • 15 mwa • 18 mwa • 24 mwa*

*Apre 24 mwa, pitit ou dwe fè yon egzamen chak ane.

Èske fanmi w gen asirans sante?

Si w gen nénpòt ki moun nan fanmi w ki pa gen kouvèti asirans, tanpri rele NJ FamilyCare, oubyen ale nan sit entènèt nou an. Lè sa a, n a ede w jwenn enfòmasyon pou w konnen si w kalifye pou kouvèti asirans gratis oswa bon mache.

NJ FAMILY CARE

Affordable health coverage. Quality care.

1-800-701-0710

(Gen operatè ki pale plizyè lang)

TTY 1-800-701-0720

(Pou moun ki pa tande byen)

www.njfamilycare.org

